**दिन—बुधवार** **दिनांक—25.09.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्र सरकारक प्रमुख पहल मेक इन इंडिया आइ अपन दस वर्ष पूरा कऽ लेलक। एहि अवधि मे सरकार कतेको प्रमुख योजना लागू कयलक अछि। एहि काज सँ भारतक विनिर्माण परिदृश्य मे क्रांति आयल आ देशक आर्थिक स्थिति मजगूत भेल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी मेक इन इंडिया पहलक दस वर्ष पूरा हेबाक स्वागत कयलनि अछि। श्री मोदी एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे मेक इन इंडिया भारत के विनिर्माण आ नवाचार शक्ति केन्द्र बनेबाक एक सय चालीस करोड़ भारतीय के सामूहिक संकल्पक उदाहरण थिक। श्री मोदी हर संभव माध्यम सँ मेक इन इंडिया के प्रोत्साहन देबाक सरकारक प्रतिबद्धता दोहरौलनि अछि।

---

आइ महान राष्ट्रवादी चिंतक पंडित दीनदयाल उपाध्यायक जयंती मनाओल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी गृहमंत्री अमित शाह आ रक्षामंत्री राजनाथ सिंह आइ पंडित दिनदयाल उपाध्याय के हुनक जयंती पर श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। प्रधानमंत्री एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे महान राष्ट्रवादी विचारक पंडित दिनदयाल उपाध्यायक अंत्योदय अवधारणा विकसित भारतक संकल्प पूरा करऽ मे महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत। एम्हर, पटना मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पंडित दिनदयाल उपाध्यायक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका स्मरण कयलनि।

---

राज्य सरकार गुड़ उत्पादक के बढ़ावा देत आ एहि लेल सब्सिडी तथा आर्थिक मददि सेहो देल जायत। गन्ना उद्योग मंत्री कृष्णनन्दन पासवान आइ कहलनि जे एहि वास्ते वर्त्तमान वित्त वर्ष मे गुड़ उद्योग के बढ़ावा देबाक लेल एक हजार दू सय चालीस करोड़ टाकाक स्वीकृति देल गेल अछि।

---

सीतामढ़ीक बंद पड़ल रीगा चीनी मिल मे उत्पादनक काज शीघ्रहि  शुरू होयत। एकर संचालनक जिम्मा मेसर्स निरानी सुगर कंपनी के देल गेल अछि। ईख आयुक्त अनिल कुमार झा ई जनतब दैत कहलनि जे मिलक पन्द्रह हजार कर्मचारी मे सँ दस हजार कर्मीक बाँकी वेतन भोगतान कऽ देल गेल अछि आ शेष पाँच हजार कर्मचारीक बाँकी टाकाक भोगतान सेहो जल्दीए कऽ देल जायत।

———————————————————

राज्य सरकार विशेष भूमि सर्वेक्षण लेल जमीनक दस्तावेज आ स्वघोषणा पत्र जमा करबाक समय सीमा तीन मास लेल बढ़ा देलक अछि। राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री डॉक्टर दिलीप जायसवाल जनौलनि जे रैयत के जमीनक दस्तावेज एकत्र करऽ मे आबि रहल समस्या के देखैत ई निर्णय कयल गेल अछि। ओ जनौलनि जे एहि संबंध मे जल्दीए अधिसूचना जारी कयल जायत। डॉक्टर जायसवाल जनौलनि जे विभाग जमीन सर्वे सँ जुड़ल शिकायत, समस्या आ जनतब प्राप्त करबाक लेल हेल्पलाईन नंबर जारी कयलक अछि।

———————————————————

पटना, बेगूसराय, मुंगेर, भागलपुर, समेत राज्यक विभिन्न बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे करीब चौदह लाखक आबादी बाढ़ि सँ प्रभावित अछि। पटना जिलाक दियारा क्षेत्र मे स्थिति एखनहुँ गंभीर बनल अछि। एहि क्षेत्र सभ मे कतेको पंचायत पूर्णरूपेण बाढ़िक पानि सँ घेरायल अछि। लोकसभ ऊंच स्थान पर जाकऽ शरण लेने छथि। बेगूसराय, मुंगेर, खगड़िया आ भागलपुरक विभिन्न प्रखंड मे सेहो गंगा नदी मे उफान सँ आयल बाढ़िक कारण प्रभावित क्षेत्र मे स्थिति एखनहुँ नहिं सुधरल अछि। प्रशासन बाढ़ि पीड़ितक मददि लेल प्रभावित क्षेत्र सभ मे सामुदायिक भानस घर आ राहत शिविरक व्यवस्था कयलक अछि। मुदा, बाढ़ि पीड़ित धरि समुचित रूप सँ राहत नहिं पहुँचि पाबि रहल अछि। एहि कारणे बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे किछु लोक प्रदर्शन कयलनि। मुंगेरक रतनपुर–बरियारपुरक मध्य रेललाइन पर पानिक दबाव कम हेबाक बाद काल्हि सँ भागलपुर–जमालपुर रेलखंड पर ट्रेनक परिचालन शुरू भऽ गेल।

———————————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग मे मॉनसूनक सक्रियता बढऽ सँ कतहुँ मध्यम कतहुँ भारी बरखा भेल अछि। राजधानी पटना समेत लऽग–पासक क्षेत्र मे सेहो आंशिक बरखा भेल । मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइ अररिया, किशनगंज, भागलपुर आ कटिहार जिला मे बहुत भारी बरखा हेबाक आशंका बनल अछि। एहि कारणे विभाग ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————

बिहार विधान परिषदक तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्र लेल निर्वाचक सूचीक प्रारूपक प्रकाशन कऽ देल गेल अछि। एहि संबंध मे आगामी पन्द्रह अक्टूबर धरि दावा आपत्ति समर्पित कयल जा सकैत अछि। दोसर दिस प्रदेश मे सात हजार पैक्सक चुनाव आगामी नवम्बर मास मे कराओल जायत।

———————————————————

सहरसा मे सदर थाना क्षेत्रक डूमरैल चौक लऽग बाइक सवार तीन अज्ञात अपराधी एक सीएसपी संचालकक भाइ सँ दिन–दहाड़े करीब साढे तीन लाख टाका लूटि लेलक।

———————————————————

मुंगेर जिलाक बाढ़ि प्रभावित चन्दनबाग आ चुआबाग मे आईएमए दिस सँ बाढ़ि पीड़ितक मध्य राहत सामग्रीक वितरण कयल गेल।

———————————————————

समाप्त